



irs.gov/EIP

Twazyèm peman enpak ekonomik Pa Kat debi prepeye



Plizyè milyon ameriken ap resevwa twazyèm peman enpak ekonomik yo pa lapòs ak yon kat debi prepeye. Kat EIP a esponsorize pa Biwo Sèvis fiskal Depatman Trezò Nasyonal. Verifye zouti [Jwenn Peman mwen an](#) sou IRS.gov pou w wè si twazyèm peman w la te pwograme.

- › Moun ki resevwa kat EIP yo ka achte, retire lajan nan kès ATM yo epi fè transfè lajan sou kont pèsonèl san yo pa peye okenn frè.
- › Yo kapab verifye tou balans lajan ki disponib sou kat yo anliy sou aplikasyon mobil la oswa pa telefòn san yo pa peye okenn frè.
- › Yo ka itilize kat EIP a anliy nan kès ATM yo oswa nan nenpòt lokal komèsyal yo asepte Visa.
- › Kat EIP a ap vini ak enstriksyon sou kòman pou nou aktive epi itilize li.
- › Vizite www.eipcard.com (an anglè) pou plis enfòmasyon.

Si w resevwa yon kat Peman Enpak Ekonomik, l ap rive nan yon anvlòp blan k ap afiche so Depatman Trezò Ameriken an ak “Kat Peman Enpak Ekonomik” nan adrès retounen an. Anvlòp la di tou li gen “Enfòmasyon enpòtan sou Peman Enpak Ekonomik ou.” Non Visa a ap parèt sou devan kat la; do kat la gen non bank ki founi dokiman yo, MetaBank®, N.A. Enfòmasyon ki nan kat la pral eksplike kat la se Kat Peman Enpak Ekonomik ou a.